



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO FÈ VANSE LEJISLASYON POU BAY ETA A KONTWÒL
KONSÈY OTORITE TRANSPÒ METWOPOLITÈN LAN (METROPOLITAN
TRANSPORTATION AUTHORITY, MTA) EPI POU REPONN
A KRIZ AKTYÈL LA**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè vanse lejislasyon pou bay Eta New York la kontwòl majoritè MTA a epi nan konsa eta ap gen responsabilite ak otorite pou reponn a kriz aktyèl la.

Lejisasyon an pral ajoute de syèj eta adisyonèl nan Konsèy MTA Gouvènè ap nonme yo ak yon vòt adisyonèl pou Prezidan an. Pami nouvo valè manm total ki ka vote nan Konsèy la yo, kounye a sa ta pral bay eta uit nomine ak nèf vòt.

Aktyèlman, pa gen yon vòt majoritè nan MTA a. Eta New York la aktyèlman gen sis syèj, Vil New York la gen kat syèj epi Nassau, Suffolk, Westchester, Dutchess, Orange, Rockland, ak Putnam gen rès balans syèj Konsèy la ki fè 14 syèj ototal ki ka vote.

Yo te kreye estrikti òganizasyonèl MTA a orijinalman an 1965. Byenke Konsèy la gen ladan tout gouvènman ki nan rejyon MTA yo li te divize responsabilite yo tou pami plizyè lidè politik Authority yo. Sa te kreye yon Konsèy kote pèsonn pa rann kont bay pèsonn, sa ki egzije yo ap konstaman konstwi kowalisyon nan konsèy la pou yo ka pran mezi. Youn ap lonje dwèt sou lòt te pwosedi operasyonèl nòmalize pandan plizyè deseni.

Deklarasyon Gouvènè Cuomo:

“MTA nan yon eta kriz. Mank finansman istorik kite li avèk ekipman demode ki la depi ane 1940 yo. Biwokrasi a pa efikas. Fèmtye ray tren nan estasyon Penn lan 8 Jiyè resaman an pral jan pwovèb la di a ti gout dlo ki fè vaz la debòde a. Anilasyon LIRR ak New Jersey Transit 8 Jiyè a pral fè plis moun vin itilize sistèm subway a, nan mitan sezon ete a. MTA pa gen okenn fason pou yo fè ni ti reparasyon, ni reparasyon rapid. Nou ap fè vanse 32 milya dola pou plan kapital MTA a – yon kantite istorik – men yo dwe mete l an aplikasyon: achte nouvo wagon, enstale nouvo pano siyalizasyon, achte nouvo ekipman ak anboche nouvo pèsònèl. Nou ap fè yon konferans entènasyonal semèn pwochèn lan pou meyè vandè yo.

Estrikti Konsèy MTA te asime patisipasyon rejyonal nan sistèm transpò nan rejyon metwopolitèn la men yo pa te mete pèsonn an chaj. Byenke Eta New York gen 6 nan 14 syèj ki ka vote – sa pa kontwòl. Gen yon plan transfòmatif ki pral egzije gwo chanjman

enpòtan epi plis envestisman pètèt, plizyè seri kò politik ki gen menm bezwen yo pral bezwen dakò sou chanjman sa yo. Yo pa jere pwojè konplèks yo nan yon fason efikas dapre akò inanim gran biwokrasi politik yo. Nou pa gen 10 zan pou nou fè sa. Eta a pral devwe tèt li pou pran tach sa an chaj epi asime responsabilite, men eta a bezwen otorite pou l fè sa a.

Eta a te pran yon apwòch similè nan Otorite Pò a (Port Authority). Eta New York la responsab pou rekonstriksyon k ap fèt nan ayewopò LGA ak JFK yo. Eta responsab pou sipèvizè pon Tappan Zee Bridge la, Kosciuszko Bridge la, ak plis ankò. Eta a pa fè timid lè gen defi, men nou bezwen kapasite ak otorite pou nou aji.

Nan pwojè Second Avenue Subway a, pa egzanp, MTA tap tounen an won. Eta a pran kontwòl pwojè yo epi itilize pèsònèl eta a yo. Lòt manm Konsèy MTA yo pa te opoze wòl eta a swa paske li pa te nan rejyon yo oswa paske yo pa te gen anvè patisipe nan sa ki te sanble yon pwojè ki te pèdi batay. Second Avenue Subway a te an reta pandan anpil ane epi yo te prevwa pou yo rate dèlè a ankò. Avèk entèvansyon eta a, nou te fini tach la nan dèlè ki te genyen an.

Kèk moun te asime sis syèj eta genyen ki ka vote yo se yon majorite epi yo di eta gen kontwòl. Evidaman, sis pa yon majorite lè gen 14 syèj ki ka vote, epi gen anpil pwoblèm k ap jenere polemik ki ka lakoz lòt jiridiksyon yo pou yo opoze sis vòt yo. Nou te wè sa deja sou kesyon pou ogmante kontribisyon depans fonksyonman gouvènman lokal yo, men si pozisyon yo se eta gen kontwòl, aktyèlman bay eta kontwòl sa yo di l genyen an pa ta dwe yon pwoblèm. Yo pa ka ap di lojikman eta gen kontwòl epi opoze li an menm tan an.

An gwo, ann repare erè fondamantal inisyal sa a – ‘mete yon moun an chaj’. Eta se antite evidan pou jere yon rezo rejyonal, epi eta kontribiye finansman ki yon miltip sa nenpòt lòt jiridiksyon yo bay. Fè senp lan, sèke si pèsòn pa gen responsabilite ak otorite, l ap enposib pou fè chanjman fondamantal, rapid nan nenpòt kilti oswa sistèm”.

###